

# DEMAND REZIDANS TANPORÈ POU SITWAYEN AYISYEN

## 1 OTORIZASYON REZIDANS KI BAZE SOU AKÈY IMANITÈ POU AYISYEN

Tout sitwayen ayisyen ak moun ki pa gen papye ki tap viv an Ayiti ki ap viv nan moman an Brezil kapab fè yon demand pou yon rezidans tanporè ki baze sou akèy imanité (òdonans intèministryèl n° 12 ki sòti nan dat 20 desanm 2019).

Rezidans tanporè sa ap valab pou de 2 lane. Aprè peryòd sa, ayisyen yo ap kapab chanje rezidans tanporè sa pou yon rezidans ki pa gen dat expirasyon

Rezidans tanporè ap pèmèt ou gen aksè a swen sante, ledikasyon, pou kapab travay epi rantre sòti nòmalman nan peyi a legalman.

### Dokiman wap bezwen prezante bay Polis Federal

- Paspò oubyen papye ofisèl idantite ke peyi Dayiti bay, menm si dat ki sou papye sa ta rive expire.
- 2 foto idantite resan, 3x4 santimèt, an koulè, sou fon blan, ki sou papye òdinè.
- Batistè, ak maryaj, sètifika konsilè ou otodeklarasyon sou lyen fanmi ki fèt nan ka kote lyen sa yo pa deklare nan papye legal wap bay yo (nou pa mande pou dokiman sa yo legalize oubyen tradui depi moun kap fè demand la ajoute otodeklarasyon a).
- Enfòmasyon sou kijan yo kapab kontaktew tankou imèl adrès ou avèk prèv rezidans ou genyen aktyèlman.
- Deklarasyon ofisyèl ki di ou pat janm fè okenn krim pandan senk (5) lane ki sòt pase yo ke ou tap viv Brezil oswa a letranje.



Aksè modèl la pou absans yon dosye kriminèl isit la:

[www.pf.gov.br/servicos-pf/imigracao/cedula-de-identidade-de-estrangeiro/formularios-e-modelos-1/declaracao-ausencia-de-antecedentes-criminais.pdf/view](http://www.pf.gov.br/servicos-pf/imigracao/cedula-de-identidade-de-estrangeiro/formularios-e-modelos-1/declaracao-ausencia-de-antecedentes-criminais.pdf/view)



### Enpòtan

- Avan ou deplase, verifye si nan zòn kote ou ye a, ou pap bezwen pran yon randevou sou sit entènèt Polis Federal.
- Ayisyen pa gen pou peye anyen pou fè demand rezidans tanporè sa.
- Rezidans tanporè sa pap valab ankò depi ou ta kite Brezil pou ou al viv nan yon lòt peyi.
- Si moun kap fè demand la se yon moun ki gen mwens ke 18 lane ki

poukont li oubyen li separe ak moun ki responsab li a, se Biro Defans Piblik kap fè tout pwosesis la nan respè kondisyon regilarizasyon migratwa (Defensoria Pública da União - DPU) (Òdonans n° 197 ki sòti nan dat 6 mars 2019, ak atik 12 rezolisyon n° 1 ki sòti nan dat 9 daout 2017, Konsèy Nasyonal dwa timoun - Conanda, Komite Nasyonal pou Refijye - Conare, Konsèy Nasyonal Imigrasyon - CNIG ak Biro Defans Piblik- DPU).

Klike la pou jwenn aksè sou sit entènèt Polis Federal la:

[www.servicos.dpf.gov.br/cadastro-estrangeiro](http://www.servicos.dpf.gov.br/cadastro-estrangeiro)



**ATANSYON**  
Akòz pandemi Kowonaviris la, sa ka rive orè nou modifye oswa nou pa ouvè pou piblik. Eseye verifye ak estasyon lapolis nan zòn bò lakay ou a anvan ou deplase.

## 2 DEMAND POU REZIDANS KI PA GEN DAT EXPIRASYON

Ka demann lan pou rezidans pèmanan dwe fèt nan lespas 90 jou anvan nan fen peryòd la 2 ane nan rezidans tanporè.

### Dokiman wap bezwen prezante bay Polis Federal

- Fòmilè ki disponib pou sa sou sit entènèt Polis Federal la.
- Kat ki di yo rekonèt ou kòm migran (Carteira de Registro Nacional Migratório - CRNM).
- 2 foto idantite resan, 3x4 santimèt, an koulè, sou fon blan, ki sou papye òdinè.
- Enfòmasyon sou kijan yo kapab kontakwèw tankou imèl adrès ou avèk prèv rezidans ou genyen aktyèlman (annexe XIX de l'ordonnance interministérielle n° 3/2018).
- Deklarasyon ofisyèl ki di ou pat janm fè okenn krim

ke se Brezil oubyen nan lòt peyi kote ou tap viv: se sa nou rele sètifika bòn vi ak mès la oswa tout lòt dokiman ki gen valè a (se otorite konpetan kote wap viv la ki dwe baw papye sa) ak otodeklarasyon an.

- Prèv ou ka pran swen tèt ou tankou: montre ke ou gen yon travay estab ak pèmi travay ki siyen ou anrejistre nan leta (nan lameri pa egzamp) antan ke moun kap travay endepandan. Oswa ou bay yon atestasyon ki montre ke ou ka pran swen tèt ou ak tout fanmiw ki bay enfòmasyon sou kob ou touche lemwa ke yon notè kapab sètifye oubyen yon kat anrejistreman pwofesyonèl pou peyi Brezil (dapre atik 6 anèks XIX òdonans intèministryèl n° 3/2018).

### Enpòtan

Avan ou deplase, verifye si nan zòn kote ou ye a, ou pap bezwen pran yon randevou sou sit entènèt Polis Federal. Tout sitwayen ayisyen ak moun ki pa gen papye ki tap viv an Ayiti ki ap viv nan moman an Brezil kapab fè yon demand pou yon rezidans tanporè ki baze sou akèy imanite sou baz òdonans intèministryèl n° 10 ki sòti nan dat 6 avril 2018 kapab aplike pou yon rezidans ki long sou baz òdonans intèministryèl n° 12 ki sòti nan dat 20 desanm 2019.

Ou dwe fè demand sa nan yon pòs polis Polis Federal e li dwe fèt 90 jou avan rezidans tanporè sa ki valab pou de 2 lane a expire. Fòk moun kap fè demand la respekte kèk prensip:

- I - pa kite plis ke 90 jou pran ou deyò Bresil pou chak ane ou genyen ap viv Brezil
- II - moun sa te rantre sòti sou teritwa Brezil nan respè prensip imigrasyon
- III - pat fè okenn krim Brezil ou a letranje;
- IV - kapab montre li ka okipe tèt li.

Si ou ta vle jwenn otorizasyon pou rezidans sou baz òdonans intèministryèl n° 12/2019 ak kapab fè pwosesis anrejistreman ak Polis Federal, ou dwe renonse pou mande estati refijye.

Si demann pou chanjman nan rezidans tanporè nan rezidans pèmanan pa fèt nan tan ki preskri, yo dwe fè yon nouvo demann pou rezidans tanporè e li pral nesesè pou ret tann pou peryòd ki make pou mande chanjman nan rezidans tanporè nan pèmanan.

Wap jwenn òdonans intèministryèl no 3/2018:

[www.pf.gov.br/servicos-pf/imigracao/legislacao-1/](http://www.pf.gov.br/servicos-pf/imigracao/legislacao-1/)



Si yon sitwayen ta santi li pèsikite nan peyi li pou koze ras, relijyon, nasyonalite, klas sosyal ou politik, lap ka aplike pou estati refijye.

Pou bon jan enfòmasyon, tanpri vizite:

[www.justica.gov.br/seus-direitos/refugio/sisconare/](http://www.justica.gov.br/seus-direitos/refugio/sisconare/)



### Si ou Bezwen èd Boa Vista

Zòn triyaj Station/Poste de triage:  
Avenida Brasil, s/n. Bairro Treze de Setembro.  
CEP: 69308-050.

San konte Sipèntans Polis Federal la.  
Boa Vista - Roraima, Brezil.  
Lendi a vandredi, de 7am jiska 6pm.

